



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU ZÈV ATIZAY AK DIVÈTISMAN DEYÒ PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè w fin li dokiman sa a, ou kapab afime anba li.

Apati 23 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Konsèy Pwovizwa sa a pou Zèv Atistik ak Divètisman Deyò ki gen Risk ki Fèb pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Zèv Atistik ak Divètisman Deyò ki gen Risk ki Fèb") pou bay pwopriyetè/operatè jaden zowolojik ki fèt deyò yo, jaden botanik, ak lòt zèv atizay ki gen rapò yo ak biznis ak òganizasyon divètisman yo ak anplwaye yo, kontraktè, founisè, ak kliyan/vizite prekosyon pou ede yo pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 la.

Jan nou mansyone pi wo a, konsèy sa a aplike pou aktivite atistik ak divètisman ki gen risk ki fèb, tankou jaden zowolojik ki fèt deyò yo, jaden botanik, pak natirèl, tèren sit istorik yo ak enstitisyon kiltirèl, mize deyò, demonstrasyon agritouris/agrikòl deyò, ak lòt enstitisyon oswa aktivite ki gen rapò ak yo. Magazen yo vann an detay oswa magazen yo vann kado yo ki asosye ak enstitisyon sa yo dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Biznis ki Vann an Detay ki Esansyèl yo epi ki nan Faz II a pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#) (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities during the COVID-19 Public Health Emergency) la ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH). Restoran ak bar ki nan nenpòt etablisman oswa lokal ki sijè a enstwiksyon sa a yo dwe swiv enstwiksyon ke yo te dekri nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Nenpòt aktivite espò ak divètisman ki òganize nan etablisman oswa lokal ki sijè ak konsèy sa a dwe swiv direktiv ki dekri nan "[Konsèy Pwovizwa pou Espò ak divètisman pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Sports and Recreation during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Konsèy sa a pa aplike pou mize andedan yo, sit istorik yo, akwaryòm yo, ak lòt zèv atistik ak divètisman anndan ki gen fèb risk ki asosye avèk konsèy DOH separe a. Finalman, konsèy sa a pa adrese tou aktivite zèv atizay ak divètisman deyò ki gen ladan, men pa limite a, plas divètisman piblik yo (egzanp, pak divètisman, pak dlo, kanaval), konsè, oswa pèfòmans atistik ki gen plis pase limit rasanbleman ki pa esansyèl ki an vigè pou rejyon an, ki rete fèmen nan moman piblikasyon an.

Rekòmandasyon sa yo se egzijans minimòm sèlman epi tout pwopriyetè/operatè lib pou pran plis prekosyon oswa mete plis restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite atistik ak divètisman ki gen risk ki fèb ki fèt an deyò yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt operasyon ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki te bay tout biznis ki pa esansyèl yo lòd pou yo sispann fonksyone avèk pèsònèl nan biwo. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan rekòmandasyon Empire State Development Corporation (ESD) yo, pa t gen restriksyon sou aktivite an pèsònèl nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak san danje DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Lòd Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan/pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejyonal an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejyon New York.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo de kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm pou Aktivite Zèv Atistik ak Divètisman Deyò Responsab nan Eta New York

Pa gen aktivite atistik ak divètisman ki gen risk ki fèb ki ka fèt san respekte minimòm nòm sa yo de Eta a, ansanm ak egzijans federal aplikab, ansanm ak, men ki pa limite ak sa, minimòm nòm de Lwa sou Ameriken Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite atistik ak divètisman ki gen risk ki fèb ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Pwopriyetè/operatè zèv atizay ak/oswa divètisman deyò, oswa yon lòt pati jan ke pwopriyetè/operatè etablisman zèv atizay

ak/oswa divètisman deyò a deziyen (nan nenpòt ka, "Pati ki Responsab yo") pral responsab pou satisfè nòm sa yo.

Pou plis enfòmasyon sou direktiv sekirite ki an rapò ak aktivite travay ki baze nan biwo (egzanp, biwo operasyon Zou yo), tanpri konsilte "[Konsèy Pwovizwa pou Travay ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la.

Rekòmandasyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke prezans mendèv la ak prezans kliyan/vizitè limite epi li pa dwe plis pase 33% nan okipasyon oswa kapasite maksimòm pou yon zòn an patikilye nan nenpòt ki moman, enkli kliyan/vizitè, ke yo dwe sèlman pèmèt yo antre nan enstitisyon an. si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab, depi ke kliyan/vizitè a gen plis pase de zan epi li kapab tolere medikalman yon kouvèti vizaj konsa.
 - Pati ki responsab yo ta dwe asire kapasite andedan ki limite pou akomode kliyan/vizitè yo ki ka bezwen antre oswa sòti nan espas andedan an pou gen aksè ak espas atistik oswa divètisman deyò yo, twalèt (yo), lokal peman an, oswa nan ka yon ijans, epi pèmèt antre ak sòti sa nan yon fason ki sosyalman distanse.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye ant moun yo, ki gen ladan anplwaye ak kliyan/vizitè, epi san konte gwoup k'ap vizite lokal atizay ak/oswa divètisman deyò ki se manm menm kay oswa pati a, tout tan, sòf si sekirite oswa aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (egzanp, opere kès anrejistrez, deplase ak leve objè, sèvi avèk yon asansè), nan ka sa a, moun yo dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab.
 - Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj akseptab nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan/vizitè yo (eg, vann tikè); epi tout moun, ki gen ladan anplwaye ak kliyan/vizitè, dwe mete kouvèti vizaj nenpòt ki lè yo sitiye a sis pye ant lòt moun.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon. [konsiy OSHA yo](#).
 - Pati Responsab yo dwe raple anplwaye yo ke kouvri figi obligatwa nan espas komen ak sitiasyon komen yo (eg, tounaj ak ekspozisyon, travèse yon espas komen) kote yon minimòm separasyon sis pye pa posib oswa lè yo pral kominike avèk kliyan/vizitè yo. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou moun yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans yo pa

posib ant espas travay yo, Pati Responsab yo dwe founi epi egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa baryè fizik (egzanp, mi pwoteksyon an plastik nan zòn kote yo pa ta ka afekte fliks lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon, oswa ki otreman prezante yon risk sante oswa risk sekirite).

- Pati Responsab yo ta dwe adopte baryè fizik ant anplwaye yo ak kliyan/vizitè yo nan rejis kontwòl yo, ti kontwa enfòmasyon, ak kontwa tikè yo, epi anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj lè y'ap kominike avèk kliyan/vizitè yo.
- Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
- Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, kabin pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas ki konfine (egzanp, asansè yo, sal anplwaye yo, deyè kès anrejistrez yo) pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout moun ki nan espas sa a an menm tan ta mete kouvèti vizaj ki akseptab. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
 - Si ekspozisyon yo nan yon ti zòn, yo dwe kalkile epi ranfòse okipasyon maksimòm nan pou chak zòn oswa ekspozisyon ki baze sou direktiv distans sosyal yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: liy tikè yo, devan eskpozisyon yo, estasyon pou tcheke antre/soti, pòs depistaj).
 - Kote sa posib, mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon a sans inik.
 - Pati Responsab yo dwe make zòn yo pou gade ekspozisyon a sis pye distans nan eskpozisyon ki souvan ankonbre yo.
- Pati ki Responsab yo ta dwe konsidere fèmen nenpòt zòn syèj komen kote moun ka rasanble san yo pa kapab kenbe yon distans sosyal ki apwopriye ak lòt moun yo. Nan limit kote espas sa yo rete ouvè, Pati Responsab yo dwe modifye aranjman zòn syèj yo (eg, chèz, tab) pou asire ke moun yo omwen sis pye apa nan tout direksyon (egzanp, kòt a kòt ak lè yo fas a fas youn ak lòt).
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje itilizasyon opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib. Diminye manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan/vizitè yo achte tikè davans sou entènèt, jan sa aplikab ak posib.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè lokal la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pèsonalize yo ki espesifik nan espas travay yo oswa anviwònman, depi ke siyal sa yo ki konsistan avèk signalisation Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
 - Rete lakay ou si yo malad.
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.

- Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
- Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
- Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
- Evite touche oswa manyen objè ki ekspozè yo ke yo evalye kòm risk elve.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon pèsònèl yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp, si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal nan limite okipasyon oswa fèmèn ekipman ki pa esansyèl ak zòn an komen yo ki pa pèmèt pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete sanitizè pou men oswa papye dezenfekte disponib toupre ekipman sa yo (egzanp, distribit otomatik, estasyon kafe kominal).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou twalèt ak sal repo, e siyalizasyon ak sistèm (egzanp siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
 - Pati Responsab yo ka konsidere lòt metòd kontwòl pou ede asire kliyan/vizite yo kapab kenbe distans sosyal pandan yo nan yon twalèt pataje
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye pa yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa, ak kòmansman/fen orè travay.)

C. Aktivite nan Lye Travay la

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè pou sou sit la;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redui mendèv ki sou plas la pou satisfè rekòmandasyon sou distans sosyal yo;
 - òganize woulman travay yo (paregzanp, ekip A/B, lè arive/depa espase); epi/oswa
 - devlope pwotokòl pou distanse sosyalman pandan w'ap itilize ekipman pataje, tankou telefòn ak radyo, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez apre ou fin itilize yo, epi netwaye ak dezenfekte ekipman pataje apre ou fin itilize yo.
- Pati Responsab yo ta dwe ajiste lè yo si nesèsè pou pèmèt pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon amelyore.

- Pati Responsab yo ta dwe konsidere aplike tan vizit espesifik lè yo pibliye tikè yo (egzanp lè kwonometre ak sòti) pou kliyan/vizitè pou repati arive ak depa yo ak pou evite foul moun.

D. Sikilasyon ak Komès

- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwole sikilasyon kap antre ak soti nan sit la ak ekspozisyon yo pou garanti respè egzijans yo sou kantite moun maksimòm ak distans sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe prepare yo pou mete kliyan/vizitè yo nan liy deyò pandan y'ap toujou kenbe distans fizik atravè itilizasyon siyal vizyèl ak/oswa aparèy pou kontwòle liy (egzanp, etanson, mak pou distanse liy, flèch).
- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman nan espas pou kliyan/vizitè yo rete tann (egzanp, liy, espas paking) pou ogmante distans sosyal pami moun yo epi diminye entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg, deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite travay yo ak yon antre separe pou moun k'ap kòmanse travay yo) ak mouvman yo (egzanp, anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere fliks sikilasyon k'ap antre soti nan batiman ak pou kontwole limit okipasyon/kapasite ak (2) fasilite depistaj sante jan yo dekri anba a pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.
 - Devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò batiman an pou tèss depistaj, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pou livrezon, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsònèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe dezenfekte men yo avan e apre yo fin transfere yon chaj (egzanp, de yon chofè livrezon) machandiz (egzanp, dezenfekte men avan yo kòmanse chaje atik yo; e apre tout atik yo fin chaje, yo dezenfekte men yo ankò).
- Pati Responsab yo ta dwe ofri kat jewografik ki ka jete oswa ke yo ka itilize yon sèl fwa, livrè, gid, elatriye bay kliyan/vizitè yo, si yo itilize atik sa yo; epi fè sa yo disponib yon fason dijital pou yo ka wè yo sou aparèy elektwonik pèsònèl yo, jan sa posib.
 - Si yo pa kapab bay atik pou yo itilize yon sèl fwa, Pati ki Responsab yo dwe asire ke objè ki kapab re-itilize yo netwaye epi dezenfekte apre chak itilizasyon.
 - Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo itilize kat jewografik dijital (egzanp telefòn mobil) kote sa posib, olye de kat fizik yo.
- Pati Responsab yo dwe sispann kask odyo ak lòt ekipman prete oswa lwe anvè kliyan/vizitè yo sof si yo ka byen dezenfekte yo apre yo fin itilize yo, oswa si kliyan yo ka sèvi ak pwòp aparèy pa yo.

- Pati Responsab yo dwe fèmen ekspozisyon entèaktif ki gen risk elve yo (eg, ekspozisyon ki egzije kliyan/vizite yo manyen oswa mete objè).
- Pati Responsab yo dwe sèlman pèmèt vizit gwoup manm ki soti nan menm kay oswa nan menm pati, ak yon kapasite maksimòm dapre egzijans aktyèl rasanbleman sosyal la nan moman an, enkli alafwa plwaye yo ak kliyan/vizite yo.
- Pati Responsab yo dwe:
 - Fèmen zòn timoun yo jwe oswa ekspozisyon ak ekipman jwèt yo, sof si zòn sa yo oswa ekspozisyon saka netwaye, dezenfekte, ak aseni ant chak timoun ki sèvi avèk zòn nan oswa ekipman ki pa manm ki soti nan menm kay oswa nan menm pati a.
 - Deplase nenpòt zòn piknik ak ban sis pye distans oswa fèmen yo si yo pa ka deplase yo.
 - Amelyore prezans oswa sekirite anplwaye yo pou ranfòse limit sou tay rasanbleman yo, jan sa nesesè.

II. ESPAS YO

A. Ekipman Pwoteksyon

- Pati Responsab yo dwe asire ke y'ap sèlman pèmèt kliyan/vizite yo antre nan lokal/sit la si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi ke, sepandan, ke kliyan/vizite a gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
- Pati Responsab yo dwe asire kliyan/vizite yo mete kouvèti vizaj yo nenpòt lè yo nan zòn komen oswa nan senaryo kote li ka difisil pou kenbe sis pye distans (egzanp, antre oswa kite etablisman an, travèse yon ti ekspozisyon ki fèmen, kominike avèk anplwaye yo) ak nenpòt lè kliyan/vizite yo nan sis pye ant moun ki pa manm ki soti nan menm kay oswa nan menm pati ak yo; depi ke, sepandan, ke kliyan/vizite a gen plis pase de zan epi li kapab medikalman tolere yon kouvèti vizaj konsa.
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt ki lè anplwaye yo avanse nan distans sis pye ant yon lòt moun, yo dwe mete yon kouvèti vizaj. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann. Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj tou nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan/vizite yo.
- Pati Responsab yo ta dwe enstale baryè fizik nan biwo tikè ak resepsyon yo, jan sa posib. Jan yo sot mansyone anlè a, si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo (pa egzanp, glas ki epè oswa materyèl similè yo) konfòmman a [enstwiksyon OSHA yo](#).
- Anplis de PPE nesesè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Yon kantite ekipman pou kouvri vizaj ki adekwa, mask ak lòt PPE yo egzije yo ta dwe sou men pou si yon anplwaye bezwen yon ranplasman. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte [konsèy CDC](#) a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.

- Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo (egzanp, antretyen ekspozisyon, manivre animal). Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè ant anplwaye yo, tankou aparèy yo ak ekipman, ansanm ak touche sifas moun pataje; oswa, yo dwe egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, yo dwe egzije anplwaye ak kliyan/vizitè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout zòn komen yo (egzanp nan antre yo, sòti yo, ekspozisyon yo, ak biwo sekirite/ resepsyon yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan lokal/sit la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan yo (egzanp, manch pòt yo, kontè tikè yo) epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak chanjman orè travay, chak jou, oswa pi

souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.

- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan ki legal, ki gen ladan omwen osi souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay oswa deplase ale nan yon nouvo seri zouti. Sèvi avèk [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize ekipman sa a
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze si yon moun konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp, asansè, objè pataje yo, zòn antre nan batiman yo, eskanè badj, twalèt yo, men kourant, manch pòt yo, distribitè otomatik, estasyon kafe kominal yo).
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman \(Cleaning and Disinfecting Your Facility\)](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.

- Pou aktivite ki gen ladan yo manyen bagay (paregzanp aparèy peman), zòn, ak/oswa sifas (paregzanp pòt) lòt moun manyen, Pati Responsab yo dwe fè netwaye nan zòn sa yo ak bagay sa yo chak jou, ominimòm.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ekipman oswa objè ke yo pataje ant anplwaye yo ak/oswa kliyan/vizitè yo (eg, radyo, kat jewografik) apre yo fin itilize yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje ant anplwaye yo, ankouraje anplwaye yo pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

C. Re-ouvèti pa Faz

- N ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyònman yo kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan/vizitè ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyònman an kapasite ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri an, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan/vizitè ki ladan I enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye ak vizitè yo enfòmasyon. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Pati Responsab yo ta dwe bay kliyan/vizitè yo opsyon an, men yo pa dwe egzije kliyan/vizitè yo, pou yo soumèt enfòmasyon kontak nan ka kote trasaj kontak alavni nesèsè.

III. PWOSIS

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye yo epi, lè sa posib, pou antreprenè ak vandè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan/vizitè ak pèsonèl livrezon.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan batiman an, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.

- Ominimòm, depistaj la dwe obligatwa pou tout anplwaye epi, lè sa posib, antreprenè ak vandè yo, epi fèt gras a yon kesyonnnè k'ap detèmine si anplwaye, antreprenè oswa vandè a:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19 la:
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pratik Depistaj yo enkli:
 - Si konfigirasyon espas ak/oswa batiman pèmèt, depiste moun yo ki nan oswa tou pre antre yo pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
 - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre batiman an.
 - Admèt sèlman anplwaye ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
 - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye moun ki kapab gen sentòm yo epi menmen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.
- Pati responsab yo pa ka mande kliyan/vizitè yo fè depistaj sante oswa founi enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje kliyan/vizitè yo fè sa. Pati Responsab yo ka bay kliyan/vizitè yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan jounal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè depistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anplwaye yo (pa egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifeye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye, antreprenè, vandè oswa kliyan/vizitè ki enfekte k'ap antre nan sit la. Manm pèsònèl la k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.
- Moun k'ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj oswa mask ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.

- Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye, antreprenè, vandè oswa kliyan/vizitè ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan sit la epi yo ta dwe voye yo lakay yo avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tèst.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay moun sa yo enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifie imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tèst yo pozitif pou COVID-19 la.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "Direktiv pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k'ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspezisyon a COVID-19 la" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k'ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye yo ak kliyan/vizitè yo dwe enfòmè si pita yo santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye a pou enstitisyon an dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon monitè sekirite nan espas la kote li gen responsablite pou li konfòmè li kontinyèlman ak tout respè Plan Sekirite espas la pou anplwaye yo, kliyan/vizitè yo.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan anplwaye yo, antreprenè yo ak vandè yo, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; kliyan/vizitè yo ak livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alèti si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la.
 - Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch kontak depatman sante lokal eta a.
- Pati resposab yo pa ka egzije kliyan/vizitè yo fè depistaj sante oswa founi enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje kliyan/vizitè yo fè sa.

B. Retrased ak Suiv

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yo a mete yo okouran sou yon rezilta tèst COVID-19 pozitif pa yon anplwaye, kontraktè, oswa vandè nan lokal pa yo.
- Nan ka yon anplwaye, antreprenè, vandè oswa kliyan/vizitè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante lokal pou trase tout kontak nan espas travay la epi alèti depatman sante lokal de tout anplwaye, antreprenè, vandè ki anrejistre, ak kliyan/vizitè ak pèsònèl livrezon yo (jan sa aplikab) ki te antre nan sit la nan dat 48 èdtan avan moun lan te kòmanse santi sentòm COVID-19 la oswa anvan li te teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li sou sit la, Pati ki Responsab yo dwe notifie anplwaye yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou

kote moun nan te ye nan tout batiman an epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.

- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv pwotokòl ki pi wo a.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere ofri yon metòd pou kliyan/vizitè yo pou patisipe nan yon pwogram trasaj kontak, jan sa posib (egzanp, patisipe lè yo ap achte tikè yo davans sou entènèt).

IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>